QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ QARAÓZEK RAYONÍ HÁKIMINIŃ SHESHIMI

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI QORAO'ZAK TUMANI HOKIMINING QARORI

Qaraózek rayonı 230400, Qaraqalpaqstan kóshesi, 49-jay, tel: (61) 465-55-17; (61) 465-46-66;

2021 - yil 22 - noyabr 79-13-183-Q/21 Qoraózek rayoni hákimligi

**Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2021-jıl 11-noyabr kúngi 148-13-0-Q/21-sanlı qararı haqqında**

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 5-noyabr kúngi «Júriw, júgiriw, mini-fudbol, badminton, streebol hám "Workout" sport túrlerin bunnan bılay da rawajlandırıw ilajları haqqında»ǵı PQ-5282-sanlı qararı hám Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2021-jıl 11-noyabr kúngi 148-13-0-Q/21-sanlı qararı orınlanıwın támiyinlew maqsetinde

**SHESHIM ETEMEN:**

1. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 5-noyabr kúngi «Júriw, júgiriw, mini-fudbol, badminton, streetbol hám "Workout" sport túrlerin bunnan bılay da rawajlandırıw ilajları haqqında»ǵı PQ-5282-sanlı qararı hám Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2021-jıl 11-noyabr kúngi 148-13-0-Q/21-sanlı qararı orınlaw ushın basshılıqqa alınsın.

2. 2021-2022-jıllarda júriw, júgiriw, mini-futbol, badminton, streetbol hám "Workout" sport túrlerin bunnan bılay da rawajlandırıw ilajlar baǵdarlaması 1-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

3. 2021-2025-jıllarda rayonımızda badminton, streetbol hám "Workout" sport túrleri ushın sport maydanshaların qurıw kórsetkishi 2-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

4. Rayonlıq Turizm hám sport bólimi (R.Turdıbekov) rayon hákimligi menen birgelikte:

hár jılı sporttıń tiykarǵı túrleri boyınsha jarısların ótkerip barıw boyınsha xalıqtıń barlıq qatlamları qálewine qarap, olardıń belsene qatnasıwın támiyinlew ilajların kóriw;

sporttıń tiykarǵı túrleri boyınsha jarıslardı ótkeriw, jeńimpazlar hám jetiskenlikke eriskenlerdi sılıqlaw ilajların kóriw;

sport maydanshalarınan paydalanıw hám tiyisli jaylasıwına qaray máhálle puqaralar jıyını yaki turaq jay múlkdarları shirketlerine biypul paydalanıw huqıqı tiykarında beriw;

máhálle hám shańaraqtı qollap-quwatlaw bólimi menen birgelikte sport maydanshalarınan xalıqtıń nátiyjeli paydalanıwın shólkemlestiriw, ornatılǵan úskenelerdi saqlaw hám ońlaw menen baylanıslı qárejetlerdi názerde tutıw;

bir ay múddette úlgi joybar tiykarında hár bir máhálle badminton, streetbol hám "Workout" sport maydanshaların shólkemlestiriwdi názerde tutıwshı 2021-2025-jıllarda ámelge asırılıwı mólsherlengen aymaqlıq baǵdarlamanı tastıyıqlaw hám de usı jumıslardı mámleketlik jeke sherikshilik tiykarında shólkemlestiriwge jergilikli isbilermenlik subyektlerin keń tartıw ilajların kóriw;

sport maydanshaların shólkemlestiriw parametrlerin óz waqtında, sapalı hám tolıq orınlawın támiyinlew boyınsha barlıq ilajlardı kóriw wazıypası tapsırılsın.

5. Usı sheshimniń orınlanıwın qadaǵalaw rayon hákiminiń orınbasarı A.Djumaniyazovqa júklensin.

**Hákim** **U.Utambetov**

Қараөзек район туман ҳокимининг
2021 йил 22 ноябрдаги
79-13-183-Q/21-сон қарорига
1-илова

# 2021-2022-jıllarda júriw, júgiriw, mini-futbol, badminton, streetbol hám “Workout” sport túrlerin bunnan bılayda rawajlandırıw ilajlar baǵdarlaması

| № | Is-ilajlar | Ámelge asırıw mexanizmi | Orınlaw múddeti | Qarjılandırıw deregi | Juwapkerler |
|---|---|---|---|---|---|
| **Xalıq arasında júriw, juwırıw, mini-futbol, badminton, streetbol hám “Workout” sport túrlerin jáne de rawajlandırıw hám talantlı jaslardı tańlap alıw** | | | | | |
| **1** | Xalıq arasında júriw, juwırıw, mini-futbol, badminton, streetbol hám “Workout” sport túrlerin jáne de rawajlandırıw hám talantlı jaslardı tańlap alıw, sport penen shuǵıllandırıw. | Ashıq sport imaratları (stadion, futbol hám basqa da sport maydanları) bar bolǵan kárxana hám shólkemlerde xalıqtıń barlıq qatlamları ushın dene tárbiya menen shuǵıllanıw ushın sharayatlar jaratıw.<br>Bar bolǵan mádeniy hám dem alıw orınlarında júriw, juwırıw hám “Workout” sport túrlerin menen shuǵıllanıwı ushın sharayatlarjaratıw.<br>Sport-bilimlendiriw orınlarında, sport imaratlarında hám sport oraylarında ashıq esikler kúnin ótkeriw. | 2021-2022-jıllar dawamında<br><br>2021-2022-jıllar dawamında<br>Hár sherekte bir márte | Orınlawshılardıń qarjıları | Rayon hákiminiń orınbasarı (A.Djumaniyazov),<br>Turizm hám sport bólimi (R.Turdıbekov),<br>Xalıq bilimlendiriw bólimi (Q.Razbekov) |
| **2** | Júriw, juwırıw, mini-futbol, badminton, streetbol hám “Workout” sport túrlerin rawajlandırıw ushın qarjı ajırıtıw. | Júriw, juwırıw, mini-futbol, badminton, streetbol hám “Workout” sport túrleri 2021-jılda sport ılajları kalendar rejesinde ajıratılǵan qarjılar úlesin kelesi jıllarda arttırıp barıw.<br>Ajıratılǵan qarjılardıń maqsetli jumsalıwın támiyinlew. | 2022-jıl 1-yanvardan baslap hár jılı<br><br>2021-2022-jıllar dawamında | Mámleketlik byudjet hám qáwenderlerdińqarjıları | Rayon hákiminiń orınbasarı (A.Djumaniyazov),<br>Turizm hám sport bólimi (R.Turdıbekov),<br>Qarjı bólimi (D.Pirniyazova) |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 3 | Talantlı sportshılardı tańlap alıw jumısların shólkemlestiriw "ulıwmalıqtan professionallıqqa" ótiw sistemasın endiriw. | Júriw, juwırıw, mini-futbol, badminton, streetbol hám “Workout” sport túrleri boyınsha sportshılardıń basqıshpa-basqısh tayarlıq sistemasın tómendegi tártipte ámelge asırıw:<br>• mektepke shekemgi bilimlendiriw hám ulıwma bilim beriw shólkemlerindegi dógereklerde;<br>- balalar-óspirimler sport mektepleri;<br>- joqarıda belgilengen hár bir sport shólkemleri tárbiyalanıwshılarınan sport toparların shólkemlestiriw. | 2021-2022-jıllar dawamında | Orınlawshılardıń qarjıları | Rayon hákiminiń orınbasarı (A.Djumaniyazov), Turizm hám sport bólimi (R.Turdıbekov), Qarjı bólimi (D.Pirniyazova) |
| 4 | Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde, ulıwma bilim beriw shólkemlerinde, kásip-óner mektebinde júriw, juwırıw, mini-futbol, badminton, streetbol hám “Workout” sport túrlerin rawajlandırıw. | Kishi jastan balalarda sport penen shuǵıllanıwı ushın kúshli hám motivaciya qáliplestiriw, olardıń qaysı sport penen qızıǵıwın anıqlaw.<br>Bilimlendiriw shólkemlerinde tómendegi sport túrlerin ótkeriw:<br>"Shólkem sportshısı" jarısları;<br>mini-futbol, badminton, streetbol hám "Workout" sport túrleri boyınsha "Shólkem birinshiligin" ótkeriw. | 2022-jıl 1-yanvardan baslap hár jılı<br><br>hárjılıdekabr | Orınlawshılardıń qarjıları | Rayon hákiminiń orınbasarı (A.Djumaniyazov), Xalıq bilimlendiriw bólimi (Q.Razbekov), Mektepke shekemgi bilimlendiriw bólimi (A.Jaqsımuratov), Turizm hám sport bólimi (R.Turdıbekov) |
| **Mini-futbol menen shuǵıllanıw ushın shárt-shárayatlar jaratıw, shólkemlerdiń materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew, zamanagoy sport inventarları menen támiyinlew** | | | | | |
| 5 | Xalıqtı, ásirese jaslardıń boswaqıtların baslanǵısh hám háwesker mini-futbol menen shuǵıllanıwı ushın shárayatlar jaratıw. | Rayon aymaǵında mini-futboldı rawajlandırıw hám onnan paydalanıw nátiyjeliligin arttırıw boyınsha 2021-2022-jıllarǵa is-ilajlardı islep shıǵıw. | 2021-jıl dekabr | Orınlawshılardıń qarjıları | Rayon hákiminiń orınbasarı (A.Djumaniyazov), Turizm hám sport bólimi (R.Turdıbekov) |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **6** | Sport bazasınıń tayarlaw dárejesin arttırıw. | Mini-futbol boyınsha ulıwma bilim beriw mekteplerinde dógerekler, sport mekteplerinde sekciyalar sanın kóbeytiw ilajların kóriw.<br>Mini-futbol menen shuǵıllanıwshılar, trenerler ushın úlgi sport oqıw baǵdarlamaların islep shıǵıw. | 2022-jıldan baslap<br><br>2022-jıl dawamında | | Rayon hákiminiń orınbasarı (A.Djumaniyazov), Xalıq bilimlendiriw bólimi (Q.Razbekov), Turizm hám sport bólimi (R.Turdıbekov) |
| **Júriw hám júgiriw menen shuǵıllanıw ushın shárt-sharayatlar jaratıw, bul baǵdarda shólkemlerdiń materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew, zamanagoy sport quralları menen támiyinlew** | | | | | |
| **7** | Rayon orayında piyadalar hám velosipedte júriw ushın "Salamatlıq jolların" shólkemlestiriw hám zamanagóy sport quralları menen támiyinlew. | Zamanagóy joybarlar tiykarında "Salamatlıq jolların" shólkemlestiriw: Piyadalarǵa tapsırılǵan "Salamatlıq jolları" nan paydalanıw. | 2022-jıl 1-iyulden baslap 2022-jıl 1-dekabrden baslap | Orınlawshılardıń qarjıları | Rayon hákiminiń orınbasarı (A.Djumaniyazov), Turizm hám sport bólimi (R.Turdıbekov) |
| **8** | Aymaqlarda sport jarısların joqarı dárejede ótkeriw. | Sport jarısların joqarı dárejede ótkeriw boyınsha zárúr is-ilajlardı ámelge asırıw, sonday-aq:<br>-xalıqtıń keń qatlamı arasında ǵalabalıq túrde 5 mıń, 10 mıń adım, "Barlıq rekordlar bizlerdiki!" ılajların;<br>-jeńil atletika marafonlarin;<br>-túrli aralıqlarǵa juwırıw boyınsha "Jańa rekordlar ushın!" sport jarısların ótkeriw. | Hárjılı yanvar-dekabr aylarında Ulıwmaxalıqlıq bayramları kúnlerinde, Hár jılı oktyabr-noyabr aylarında | Orınlawshılardıń qarjıları | Rayon hákiminiń orınbasarı (A.Djumaniyazov), Turizm hám sport bólimi (R.Turdıbekov) |
| **Badminton menenshuǵıllanıwushınshárt-shárayatlarjaratıw, bul baǵdarda shólkemlerdiń materiallıq-texnikalıq bazasin bekkemlew, zamanagóy sport quralları menen támiyinlew** | | | | | |
| **9** | Badminton menen shuǵıllanıw ushın qosımsha sharyatlar jaratıw. | Sport imaratlarınıń maydanshalarında badminton menen shuǵıllanıw ushın shart-sharyatlar jaratıw boyınsha jaqın múddetlerge mólsherlengen is-ilajlar islep shıǵıw.<br>Mádeniy hám dem alıw orınları aymaǵında, xalıq jasaytuǵın orınlarda badminton sport boyınsha maydanshalardı shólkemlestiriw. | Hár jılı dekabr<br><br>2021-2022-jıllardawamında | Orınlawshılardıń qarjıları | Rayon hákiminiń orınbasarı (A.Djumaniyazov), Turizm hám sport bólimi (R.Turdıbekov) |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **10** | Badminton sport túrinen trenerler hám sudiyalardı qamtıp alıw. | Badminton menen shuǵıllanatuǵın sportshılardıń tayarlıǵı boyınsha monitoring alıp barıw.<br>Mektepke shekemgi bilimlendiriw, ulıwma bilim beriw shólkemleri, kásip-óner mektebi, sport-mektebi ushın oqıw baǵdarlamaları, jarıs qaǵıydaların islep shıǵıw. | 2021 jıl noyabr<br>Hár sherekte bir márte | Orınlawshılardıń qarjıları | Rayon hákiminiń orınbasarı (A.Djumaniyazov), Xalıq bilimlendiriw bólimi (Q.Razbekov), Turizm hám sport bólimi (R.Turdıbekov) |
| **Aymaqlarda sport túrlerin jánede rawajlandırıw boyınshajarısların shólkemlestiriw** | | | | | |
| **11** | Aymaqlarda badminton sport túri boyınsha sport jarısların joqarı dáreje de ótkeriw. | Sport jarısların joqarı dáreje de ótkeriw boyınsha zárúr is-ilajlardı ámelge asırıw:<br>"Báhár malikaları" sport jarısların;<br>Hár bir ulıwma bilim beriw mektepleri hám kásip-óner mektebi shólkemleriniń oqıwshıları arasında "Badminton ligasi" jarısların ótkeriw. | Hár jılı<br>Hár jılı | Orınlawshılardıń qarjıları | Rayon hákiminiń orınbasarı (A.Djumaniyazov), Xalıq bilimlendiriw bólimi (Q.Razbekov), Turizm hám sport bólimi (R.Turdıbekov) |
| **Streetbol hám "Workout" penen shuǵıllanıw ushın sharyatlar jaratıw, bul baǵdarda shólkemlerdiń materiallıq-texnikalıq Bazasın bekkemlew, zamanagóy sport quralları menen támiyinlew** | | | | | |
| **12** | **Streetbol** hám "Workout" penen shuǵıllanıw ushın sharyatlar jaratıw. | Máhállelerdegi paydalanılmay atırǵan jer maydanlarında belgilengen tártipte streetbol hám "Workout" maydanshaların shólkemlestiriw. | 2021-2022-Jıllar dawamında | Byudjet qarjıları esabınan | Rayon hákiminiń orınbasarı (A.Djumaniyazov), Turizm hám sport bólimi (R.Turdıbekov) |
| **13** | Xalıq ásirese jaslar arasında streetbol hám "Workout" penen shuǵıllanıw jetilistiriw. | Máhálle awıl, kárxana shólkemlerdiń streetbol hám "Workout" sport túrleri boyınsha jarıslardı ótkeriw. | 2022-jıl mart | Orınlawshılardıń qarjıları | Rayon hákiminiń orınbasarı (A.Djumaniyazov), Turizm hám sport bólimi (R.Turdıbekov) Máhálle hám shańaraqtı qollap-quwatlaw bólimi (Ǵ.Qudaybergenov) |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **14** | Streetbol hám “Workout” boyınsha jarıslar ótkeriw. | Bilimlendiriw shólkemlerinde, máhálle, awıl, kárxana, shólkemlerde streetbol hám “Workout” sport túrleri boyınsha jarıslar shólkemlestiriw:<br>Bilimlendiriw shólkemleriniń oqıwshı jasları arasında “Rekordtan – jańarekord!”, “Náshebentlik zatlarǵa qarsı gúres!”;<br>Máhálle jasları arasında “Jarıslarda jeńip shıǵıw emes, tiykarǵısı qatnasıw!” jarısların shólkemlestiriw. | Hárjılı<br><br>Hárjılı<br><br>Hárjılı | Orınlawshılardıń qarjıları | Rayon hákiminiń orınbasarı (A.Djumaniyazov), Turizm hám sport bólimi (R.Turdıbekov)<br>Máhálle hám shańaraqtı qollap-quwatlaw bólimi (Ǵ.Qudaybergenov) |
| **Aymaqlarda sport túrlerin jáne de rawajlandırıw hám ulıwmalastırıwǵa qaratılǵan sport jarısların shólkemlestiriw** | | | | | |
| **15** | Xalıqtıń keń qatlamları arasında júriw, juwırıw, mini-futbol, badminton, streetbol hám “Workout” sport túrleri boyınsha sport jarısların ótkeriw. | Jazǵı demalıs waqtında ulıwma bilim beriw mektepleri oqıwshıları arasında "Jazǵı demalıstı sport penen ótkeriw!" atamasında jarısların shólkemlestiriw.<br>Shańaraqlıq sport jarısları arasında "Atam, anam hám men salamat shańaraqpız" atamasında sport jarısların ótkeriw.<br>Balalar-óspirimler sport mektebiniń oqıwshıları arasında "Jas shempionlar", jarısın shólkemlestiriw. | Hár jılı iyun-avgust aylarında<br><br>Hár jılı dekabr<br><br>2021-2022-jıllar dawamında | Orınlawshılardıń qarjıları | Rayon hákiminiń orınbasarı (A.Djumaniyazov), Xalıq bilimlendiriw bólimi (Q.Razbekov), Turizm hám sport bólimi (R.Turdıbekov), Balalar-óspirimler sport mektebi |
| **16** | Belgili sport ustaları qatnasıwında sport jarısların ótkeriw. | Bilimlendiriw shólkemleri, kárxana hám shólkemlerde hám máhállelerde belgili sport ustaları qatnasıwında sheberlik sabaqların shólemlestiriw is-ilajların islep shıǵıw. | 2021-2022-jıllar dawamında | - | Rayon hákiminiń orınbasarı (A.Djumaniyazov), Xalıq bilimlendiriw bólimi (Q.Razbekov), Turizm hám sport bólimi (R.Turdıbekov), Balalar-óspirimler sport mektebi |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **17** | Xalıqtıń keń qatlamı arasında, ásirese jaslar arasında, sport penen shuǵıllanıwǵa qaratılǵan ilajlardı ótkeriw. | Xalıqtıń keń qatlamı arasında, "Jeke gigienanıń densawlıq ushın áhmiyeti", "Óspirimlerde náshebentlik", "Sigareta ishinde ne bar?", "Alkogol bul zamanagóy narkotik", "Ata-analar ishedi balalar azap shegedi", "Awqatlanıw álipbesi" atamasında medicina xızmetkerleri tárepinen ushırasıwlar shólkemlestriw. | 2021-2022-jıllar dawamında | - | Rayon hákiminiń orınbasarı (A.Djumaniyazov), Xalıq bilimlendiriw bólimi (Q.Razbekov), Turizm hám sport bólimi (R.Turdıbekov), Balalar-óspirimler sport mektebi |

Қараөзек район туман ҳокимининг
2021 йил 22 ноябрдаги
79-13-183-Q/21-сон қарорига
2-илова

## 2021-2025-jıllarda rayonımızda badminton, streetbol hám "Workout" sport túrleri ushın sport maydanshaların quriw kórsetkishi rejesi

| Rayon atı | Jámi | 2021-jıl | 2022-jıl | 2023-jıl | 2024-jıl | 2025-jıl |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Qaraózek rayonı | 13 | 1 | 3 | 3 | 3 | 3 |